


Chwazi pwodwi ak sèvis finansye

Pwodwi oswa sèvis finansye diferan yo kapab ede ou reyalize yon objektif oswa bezwen espesifik.

Si ou vle yon kont ansekirite pou kenbe lajan ou, pa egzanp, ou kapab ouvri yon kont kouran oswa kont depay. Ou gen lechwa nan ouvri yon kont nan yon bank oswa sendika kredi. Se dezisyon pa ou ki pou chwazi pwodwi oswa sèvis k ap travay pi byen pou ou.

Gid sa a kapab ede ou konprann kalite pwodwi diferan yo ki kapab satsifè kondisyon yon objektif oswa bezwen espesifik ak bay ou enfòmasyon sou ki kote pou jwenn yo. Lè ou fè konparezon pwodwi ak sèvis diferan yo, ou gen dwa jwenn opsyon sou ou pa t (ke w pat) konnen anvan. ou pa t (ke w pat) konnen anvan.



💡 Ti Konsèy ak avètisman

Pwoteje tèt ou kont vòl idantite

Vòl idantite rive lè yon moun vòlè idantite finansye ou pou komèt fwod. Lè yo vòlè idantite ou sa a kapab vle di sèvi avèk enfòmasyon pèsònèl ou san pèmasyon ou, tankou non, Nimewo Sekirite Sosyal, oswa nimewo kat kredi ou. Pou evite vòl idantite, poze kesyon anvan ou pataje enfòmasyon ou ak kenbe enfòmasyon ou byen kleste ak prive. Si ou kontwole yon kont oswa kat nan entènèt, pwoteje modpas la, ak sèvi avèk lojisyèl sekirite pou veye li

Pa bay enfòmasyon tankou nimewo kont bank ou, kat ki peye alavans, Sekirite Sosyal, oswa kat kredi ou ba nenpòt moun ki rele ou oswa ou pa konnen ase byen ak fè konfyans.

Pote atansyon pou “fwod resanblans”

Gendefwa ou fè moun konfyans paske ou gen yon menm istwa avèk ou - yon moun ki mache nan legliz ou oswa yon moun ki pale lang ou - gen dwa eseye pran avantaj sou w. Yo rele sa a “fwod resanblans.” Pa bay enfòmasyon pèsònèl oswa finansye ou ba pèsonn ki rele ou oswa ou pa konnen byen ak fè konfyans. Sa a gen ladann nimewo kont bank, Sekirite Sosyal, oswa kat ki peye alavans.



Rezon pou gen yon founisè sèvis finansye

Tcheke tout sa yo ki aplike avèk w, lè sa a sèvi avèk tablo a pou aprann plis enfòmasyon.

- Mwen vle yon kote ki senesòf ak ansekirite pou kenbe lajan mwen.

Pwodwi yo ki kapab satisfè bezwen ou yo	Ki kote mwen kapab jwenn sa a?
Kont depay, kont labank (kouran), oswa sètifika depo	Bank oswa sendika kredi
Kat pewòl (yon kalite kat debi)	Bank oswa sendika kredi anplwayè ou chwazi
Kat ki peye alavans (pifò nan kat ki peye alavans yo ki pwoteje fon yo egzijje ou pou enskri kat la)	Bank oswa sendika kredi, komèsan, boutik ansekman chèk (echanj chèk pou lajan kach), oswa nan sit wèb

Ti Konsèy: Pa pote nan men ou oswa kite anpil lajan kach lakay ou. Li pa senesòf. Li difisil oswa enposib pou jwenn lajan kach si ou pèdi li, si yon moun vòlè li oswa si yo detwi li.

- Mwen vle yo depoze chèk pewòl mwen dirèkteman.

Pwodwi yo ki kapab satisfè bezwen ou yo	Ki kote mwen kapab jwenn sa a?
Kont depay oswa kont kouran	Bank oswa sendika kredi
Kat pewòl (yon kalite kat debi)	Bank oswa sendika kredi anplwayè ou chwazi si anplwayè ou ofri kat pewòl yo
Kat yo peye alavans (yon kalite kat debi)	Bank oswa sendika kredi, komèsan, boutik ansekman chèk (echanj chèk pou lajan kach), oswa nan sit wèb

Ti Konsèy: Fè lajan ou ale pi lwen. Fè konparezon ant frè yo pral chaje ou pou chak pwodwi ou sèvi avèk epi planifye fason ou pral sèvi avèk pwodwi a pou wè kisa ki pi byen mache pou ou.

Avètisman: Se pa tout kat yo ki peye alavans ki gen men pwoteksyon kont pèt oswa vòl jan ou t ap jwenn avèk yon kont labank oswa depay oswa yon kat pewòl.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou kapab resevwa lajan ou, gade *Gid CFPB pou Moun k ap Fèk Kòmanse Jere Lajan: Fason pou ou Resevwa Lajan*

- Mwen vle ekonomize lajan mwen.

Pwodwi yo ki kapab satisfè bezwen ou yo	Ki kote mwen kapab jwenn sa a?
Kont depay oswa kont kouran, oswa sètifika depo	Bank oswa sendika kredi
Dediksyon pewòl otomatik yo voye ba (bay) yon kont bank oswa sendika kredi	Bank oswa sendika kredi

Ti Konsèy: Ou kapab ouvri yon kont pou tèt ou oswa yon kont konjwen avèk konjwen ou oswa yon lòt moun.

- Mwen vle yon fason fasil pou peye bòdwo mwen yo.

Pwodwi yo ki kapab satisfè bezwen ou yo	Ki kote mwen kapab jwenn sa a?
Kont labank (kouran)	Bank oswa sendika kredi
Lajan chèk	Bank oswa sendika kredi, Lapòs, komèsan
Sèvis pou peye bòdwo	Bank oswa sendika kredi, komèsan oswa founisè sèvis, sèvis pou peye bòdwo nan sit wèb
Kat ki peye alavans	Bank oswa sendika kredi, boutik ansekman chèk (echanj chèk pou lajan kach), oswa nan sit wèb

Ti Konsèy: Asire byen pou tcheke kijan ou peye pifò nan bòdwo ou yo. Gen kèk sèvis piblik ak konpayi yo ki sèlman aksepte sèten opsyon pou peye bòdwo yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou peye bòdwo ou yo, gade *Gid CFPB pou Moun k ap Fèk Kòmanse Jere Lajan: Fason pou Peye Bòdwo ou yo*.

- Mwen vle gen kapasite a pou fè acha san pote lajan kach nan men mwen.

Pwodwi yo ki kapab satisfè bezwen ou yo	Ki kote mwen kapab jwenn sa a?
Kat debi (asosye avèk yon kont labank)	Bank oswa sendika kredi
Kat kredi oswa kat yon boutik	Kat kredi yon konpayi, boutik, bank oswa sendika kredi
Kat peye alavans (yon kalite kat debi)	Bank oswa sendika kredi, komèsan, boutik ansekman chèk (echanj chèk pou lajan kach), oswa nan sit wèb
Kat pewòl (yon kalite kat debi)	Bank oswa sendika kredi anplwayè ou chwazi si anplwayè ou ofri kat pewòl yo

Ti Konsèy: Si ou peye avèk yon kat kredi, asire byen pou fè tout peman yo alè. Evite peye enterè lè ou peye tout kantite lajan an ki dwe nan dat limit peman an.

- Mwen vle voye lajan ba yon moun aletranje.

Pwodwi yo ki kapab satisfè bezwen ou yo	Ki kote mwen kapab jwenn sa a?
Transfè lajan / Anvwa	Bank oswa sendika kredi, transfè lajan nan boutik, komèsan, kèk boutik ki fè ansekman chèk, Lapòs Etazini (ba (nan)) sèten peyi yo), konpayi nan sit wèb.
Transfè labank oswa lòt kalite transfè lajan	Bank oswa sendika kredi

Ti Konsèy: Yo aplike pwoteksyon yo lè ou voye lajan aletranje. Anvan ou peye, founisè sèvis la dwe bay ou enfòmasyon sou:

- Pousantaj echanj la
- Frè ak taks yo ou pral peye
- Kantite lajan moun pral resevwa

Epitou ou pral resevwa enfòmasyon sou:

- Kilè lajan an pral rive nan destinasyon li
- Dwa ou pou anile transfè a
- Fason pou ou jwenn asistans si yo fè yon erè
- Fason pou prezante yon plent

Kontakte nou



Sit wèb

consumerfinance.gov/askcfpb



Nan telefòn

Gratis: (855) 411-CFPB (2372)

TTY/TDD: (855) 729-CFPB (2372)



Pa Lapòs

Consumer Financial Protection Bureau

P.O. Box 2900

Clinton, Iowa 52733-2900



Prezante yon plent

consumerfinance.gov/complaint